# AMIR TEMIR, EDIGE, HÁM EDIGE DÁSTANINIŃ TARIYXIY SHINLIQQA QATNASI

**Abatova Aysha**
**NMPI magistrantı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.17254757**

Qaraqalpaq xalqı basqa da qońsılas tuwısqan xalıqlar sıyaqlı óziniń bay awızeki xalıq dóretpelerine iye. Ásirler boyına xalıqtıń dóretken dástanlarında, erteklerinde, naqıl-maqallarında, aytıslarında, tolǵawlarında ótken dáwirdegi onıń kún-kórisleri, turmısı, dástúrleri, dúnyaǵa kózqarası, tariyxınıń kórkem sáwleleniwi beriledi.

“Edige” dástanı dúnya xalıqları folklorınıң altın fondın bayıtqan, eń kórkem, mazmunlı, túrkiy tilles xalıqlarǵa keń túrde taralǵan dástanlardıń biri. “Edige” dástanı tuwısqan túrkiy tilles xalıqlarında da jırlanadı. Ol házirinshe bizge belgili segiz xalıqtıń tilinde jırlanadı, onıң eliwden aslam variantlarına iye. “Edige” dástanı Volga, Oral, Sibir, Qırım, Zarafshan, Aral átirapındaǵı túrk tilles xalıqlardıq kópshiligi jırlaytuǵın xalıq dóretpesi.

“Edige” dástanı ilimde XIX ásirdiң ortalarında belgili boldı. 1820-jılı “Sibirskiy vestnik” jurnalında G.I.Spasskiy tárepinen qazaqsha variantı járiyalanıldı. Bunnan keyin 1830-jılı A.Xodzko tárepinen Astraxan noǵaylılarınan jazılıp alınǵan variatı, 1841-42-jılları ákeli balalı Shınǵıs hám Shoqan Walixanovlar tárepinen jazıp alınǵan variantı 1905-jılı P.M. Milioranskiy tárepinen járiyalanıldı. Sonnan bergi jıllar ishinde “Edige” dástanınıң V.V. Radlovtıń miynetleri bar. Noǵay versiyası N. Semernov tárepinen, qazaqsha versiyası G.N.Potanin, A. Divaev tárepinen jazıp alındı.

K. Allambergenov ilimiy miynetinde: haqıyqatında da, jıraw jırında sóz etilgenindey, ullı Ámir Temirdiń zamanlası hám sadıq dostı, ini biradar, onıń Oraylasqan túrkiy mámleketin dúziwdey ullı niyetleriniń orınlanıwına salmaqlı úles qosqan, orta ásirlerde ózbek-qaraqalpaq xalıqlarınıń tuwısqanlıq, doslıq qatnaslarınıң miytindey bekkemleniwi ushın janın ayamay gúresken, XIV ásirdiń 90-jıllarında Ullı Sahıpqıran járdeminde Noǵay-Mańǵıt-Qaraqalpaq jurtın Altın Ordadan óz aldına mámleket spatında bólip alǵan, Qaraqalpaqlardıń Mańǵıt qáwiminiń Aqmangıt ruwınan shıqqan Sardar Ata Baba Túkli Shashlı Aziz zuriyadı Qutlıqıya-Baltıshah ulı Edige XV ásirdiń birinshi shereginde óziniń Altın Ordanıң ıdırawı jónelisin waqtınsha bolsa da toqtatıwǵa, solay etip, onı burıngı monǵol-túrk mámleketligi halatınan taza túrkiy mámleketlik tárizine aylandırıwǵa hám bekkemlewge umtılǵan unamlı háreketleri menen endi ol bir etnos-Qaraqalpaq maңǵıtlardıń batırı, kósemi spatındaǵı milliy qabıǵınan qaharmanlarsha shıǵıp, usı dáwirlerde Altın Orda soramında jasawshı bárshe túrkiy xalıqlardıń jol baslawshı ǵamqorshısı hám ullı biyi, ádil húkimdarına aylanǵan úlken tariyxıy tulǵa boldı.20

Juwmaqlap aytqanda xalıq óziniń basınan ótken dáwirdiń qıyın táǵdir sınawların óz kózi menen kórdi, qanshama urıs qaǵıslar, kóship qonıwları, mázi ótip ketpedi xalıq bul awır sınawlardı óziniń qosıqlarında, tolǵawlarında, ápsana, legendaları hám dástanlarında móhirlep bardı hám dáwirler, zamanlar ótip ayrım kórinisleri óz zamanına say ózgergen bolıwı múmkin. Degen menen awızdan-awızǵa ótip xalıq dóretpesine aylanıp búgingi kúnimizge jetip keldi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Dáwqaraev N. Shıǵarmalarınıń tolıq jıynaǵı, 2-tom, “Qaraqalpaqstan” baspası, Nөkis, 1977, 189-191.b.

2. Allambergenov K. Qaraqalpaq xalıq dástanı "Edige", Nókis. "Bilim" 1995,14. b.

3. Allambergenov K. "Edige" (Tariyxıy-kórkem esse) Qaraqalpaq ádebiyatı, aprel, 2021-jıl, №4 (124)

4. Paxratdinov Á. K.Allambergenov, M.Bekbergenova. XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı "Qaraqalpaqstan" baspası. 2011. B.230.